



Pou Piblikasyon Imedya: 25/11/2025

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE 125 MILYON DOLA YO AKÒDE POU KREYE
LOJMAN POU MOUN KI SANZABRI NAN ETA NOUYÒK**

Nouyòk pran mezi pandan finansman federal pou lojman sipò a ap bese, pou pwoteje Nouyòkè vilnerab yo nan mitan rediksyon bidjè nasyonal yo

Finansman Eta a pral kreye 645 inite lojman pèmanan, lojman tranzisyonèl, ak lojman ijans nan Distri Kapital la, Nouyòk Santral, Finger Lakes, Long Island, Mohawk Valley, Vil Nouyòk, Southern Tier, ak Lwès Nouyòk

Pwojè yo enkli finansman pou lojman ak sèvis sipò sou plas pou ede ansyen veteran ki te sanzabri yo, granmoun aje, sivivan vyolans domestik, ak moun k ap viv ak maladi mantal grav ak/oswa twoub abi sibstans ak fanmi yo

Gouvènè Kathy Hochul anonse jodi a ke yo te akòde plis pase 125 milyon dola pou 13 pwojè ki pral kreye 645 inite ak prèske 1,000 kabann lojman pèmanan, lojman tranzisyonèl ak lojman ijans nan Distri Kapital la, Nouyòk Santal, Finger Lakes, Long Island, Mohawk Valley, Vil Nouyòk, Southern Tier ak Lwès Nouyòk pou moun ak fanmi ki te sanzabri yo.

"Kreye nouvo lojman sipòtif, ki konbine lojman abòdab ak sèvis, se yon pati fondamantal nan travay nou pou adrese kriz lojman ak moun ki sanzabri nan eta nou an", **Gouvènè Hochul te deklare**. "Investisman sa a pral ede fanmi ak moun ki te sanzabri atravè eta nou an rete nan yon lojman ki estab, tout pandan y ap sipòte katye solid ak yon avni ki pi briyan pou tout Nouyòkè yo."

Sibvansyon yo — ki akòde atravè yon pwosesis konpetitif atravè Pwogram Lojman ak Asistans pou Sanzabri (Homeless Housing and Assistance Program, HHAP) nan Biwo Asistans Tanporè ak pou Moun Andikape (Office of Temporary and Disability Assistance, OTDA) — se yon eleman enpòtan nan Plan Lojman (Housing Plan) konplè 25 milya dola Gouvènè Hochul la ki pral kreye oswa prezève 100,000 kay abòdab atravè Eta Nouyòk, ki gen ladan 10,000 kay avèk sèvis sipò pou popilasyon vilnerab yo. 13 pwojè ki jwenn finansman yo pral bay lojman ak sèvis sipò sou plas pou moun ak fanmi ki sanzabri yo, tankou veteran yo, granmoun aje ki frajil, sivivan vyolans domestik, ak moun k ap viv ak maladi mantal grav ak/oswa pwoblèm abi sibstans.

Avèk prim sa yo, HHAP angaje tout 125 milyon dola finansman ki te bay pwogram nan bidjè pou Ane Fiskal 2026 la pou kreyasyon nouvo lojman sipò pèmanan. HHAP toujou aksepte aplikasyon pou 25 milyon dola nan finansman adisyonèl Gouvènè Hochul te garanti nan bidjè Ane Fiskal 2026 la pou prezèvasyon ak estabilizasyon inite lojman sipò ki deja egziste yo, konstwi avèk finansman ki soti nan men HHAP, ansanm ak 1 milyon dola pou reparasyon abri ijans.

Pwojè ki resevwa finansman yo gen ladan:

Capital District

- **DePaul Properties, Inc.** - 9.5 milyon dola pou devlope 34 inite/72 kabann lojman sipò pèmanan nan Schenectady pou loje moun ak fanmi ki te sanzabri, tankou sivivan vyolans domestik, granmoun ki gen 55 an oswa plis, moun ki gen maladi mantal, ak jèn adilt. Sa a se yon pati nan yon pwojè ki pi gwo, Campus Apartments (Apatman Kanpis) Pwogram Aksyon Kominotè Schenectady (Schenectady Community Action Program, SCAP), ki gen ladan tou 26 inite abòdab nan sa ki pral nouvo konstriksyon yon bilding kat etaj, plis yon nouvo bilding de etaj ak yon gadri ak sèvis sipò kominotè.

Nouyòk Santral

- **The Rescue Mission** - 15 milyon dola pou konstwi yon nouvo abri ijans ki gen 80 inite nan Auburn, Konte Cayuga, avèk uit inite lojman sipò pèmanan anplis pou moun ki te sanzabri yo. Pwojè a, Abri Ijans ak Apatman Sipò Pèmanan Auburn Rescue Mission (Auburn Rescue Mission Emergency Shelter and Permanent Supportive Apartments), gen ladan l nouvo konstriksyon yon bilding twa etaj, ki totalman elektrik ak antre separe ak espas pou lokatè pèmanan ak ijans yo, espas sèvis sipò, lesiv, ak yon sal komen. Nouvo abri a pral ranplase epi agrandi yon abri ki deja egziste.

Finger Lakes

- **Ajans Konsèy ak Rekiperasyon Zòn Finger Lakes (Finger Lakes Area Counseling & Recovery Agency, FLACRA)** - 2.5 milyon dola pou devlope senk inite ak nèf kabann lojman sipò pèmanan nan Waterloo, Konte Seneca, pou moun ak fanmi ki gen yon chèf fanmi ki dyagnostike ak twoub abi sibstans. Pwojè sa a, Lojman Sipò Waterloo FLACRA (FLACRA Supportive Housing Waterloo), enplike konstriksyon twa nouvo bilding sou de sit, ki pral gen ladan yon kay milti-familyal ki gen twa chanm ak de bilding estil kay an ranje ak de apatman ki gen yon chanm nan chak.

Long Island

- **Concern Housing** - 14.9 milyon dola pou devlope 88 inite lojman sipò pèmanan nan Brentwood, Konte Suffolk, pou moun ki gen maladi mantal. Sa a se yon pati nan yon pwojè ki pi gwo, Vilaj Jozèf la, ki gen ladan reyabilitasyon twa bilding sou Kanpis Sè Sen Jozèf (Sisters of Saint Joseph) la, ki pral gen 88 inite abòdab anplis. Bilding yo pral totalman elektrik epi yo pral konfòm ak Lwa sou Lidèchip

Klimatik ak Pwoteksyon Kominotè (Climate Leadership and Community Protection Act, CLCPA) Eta Nouyòk la.

Mohawk Valley

- **People First (Moun yo An Premye)** - 5.1 milyon dola pou devlope 19 inite lojman sipò pèmanan nan Utica, Konte Oneida, pou moun ki gen plis pase 55 ane ak jèn adilt, kòm yon pati nan yon pwojè ki pi gwo ki gen ladan 83 inite abòdab anplis. Pwojè THRIVE Cornhill la pral gen ladan konstriksyon de nouvo bilding kat etaj, ak ankadreman an bwa, epi ki totalman elektrik. Bilding nimewo en an pral gen ladan 57 inite ki gen yon chanm ak 21 inite de chanm ansanm ak ekipman, tankou yon sal kominotè, yon laboratwa òdinatè, yon sal lesiv ak yon sant kondisyonman fizik. Dezyèm bilding lan pral gen espas komèsyal nan premye etaj la ak 24 apatman ak 604 mètr kare (6,500 pye kare) espas komen nan etaj anwo yo.

Vil Nouyòk

- **New Destiny Housing Corporation** - 12 milyon dola pou devlope lojman sipò pèmanan ki gen 97 inite/278 kabann nan Brooklyn, ki gen ladan 34 inite yon chanm pou ansyen moun ki te sanzabri ak 63 inite/244 kabann pou ansyen fanmi ki te sanzabri ki gen ladan manm ki se sivivan vyolans domestik. Pwojè a, Atlantic Avenue West, enplike konstriksyon yon nouvo bilding 14 etaj ki totalman elektrik ak yon total 162 inite/452 kabann. Bilding lan ap gen ladan l tou biwo pwogram yo, yon biwo sekirite, yon sal lesiv, yon bibliyotèk, yon sal jwèt, yon sal kondisyonman fizik ak lòt ekipman.
- **CAMBA Housing Ventures, Inc.** - 12.5 milyon dola pou devlope lojman sipò pèmanan ki gen 73 inite/101 kabann nan Brooklyn pou moun ki, oswa fanmi ki gen ladan yon moun ki gen plis pase 55 ane ki te fè eksperyans sanzabri. Pwojè a, Kingsborough Seniors, gen ladan l yon total 171 inite/233 kabann epi li gen ladan l konstriksyon yon nouvo bilding 15 etaj ak ekipman tankou yon sal enfòmatik, pakin pou bisiklèt, yon sant kondisyonman fizik, plizyè teras deyò, atizay piblik nan tout bilding lan, yon jaden sou do kay la, yon santye pwomnad, yon teras pou aktivite, ak yon sal pou granparan yo pou rezidan yo òganize rankont entèjenerasyonèl.
- **WellLife Network, Inc.** - 15 milyon dola pou devlope 88 inite lojman sipò pèmanan nan Brooklyn pou moun ak fanmi ki fè eksperyans sanzabri kwonik oswa k ap viv ak maladi mantal. Apatman Osborn Street yo pral gen ladan yon total lojman abòdab ki gen 146 inite/249 kabann nan yon bilding nèf etaj ki fèk konstwi, ki totalman elektrik, avèk biwo pwogram yo, yon sal rekreyasyon, yon sal egzèsis, yon zòn jwèt pou timoun, ak sal lesiv.
- **West Side Federation for Senior and Supportive Housing (WSFSSH), Inc.** - 5.9 milyon dola pou devlope 40 inite lojman sipò pèmanan nan Upper West Side Manhattan pou moun ki gen 55 ane oswa plis ki fè eksperyans sanzabri kwonik. Nouvo bilding lojman pasif 12 etaj la, ki sitiye nan 105 W 108th Street, pral gen yon total 84 inite abòdab, yon sal kominotè, biwo sèvis sipò, ak yon lakou deyò kay la.

Southern Tier

- **Greater Opportunities for Broome and Chenango, Inc.** - 8.3 milyon dola pou reyabilitasyon sibstansyèl ak nouvo konstriksyon de bilding rezidansyèl nan Binghamton ki pral prezève 14 inite ki deja egziste yo epi bay 7 nouvo inite lojman sipò pèmanan ak yon total 69 kabann nan de bilding twa etaj yo. Apatman Griswold Street yo pral tranzisyonèl soti nan sistèm gaz natirèl pou ale nan sistèm bilding ki totalman elektrik, ki pral bay chofaj ak èkondisyon santral.

Rejyon Lwès Nouyòk

- **Eagle Star Housing, Inc.** - 6.5 milyon dola pou nouvo konstriksyon yon bilding yon sèl etaj nan Cheektowaga, Konte Erie, avèk 20 inite/kabann lojman tranzisyonèl pou veteran ki sanzabri. Nouvo bilding lan, Cheektowaga Veterans' Home, pral konsève 16 kabann epi ajoute kat nouvo kabann. Li fèt pou l sanble ak epi pou l fonksyone tankou yon kay, avèk espas rasanbleman santral pou viv, manje, ak kwit manje.
- **DePaul Properties, Inc.** - 15 milyon dola pou devlope lojman sipò pèmanan ki gen 60 inite/103 kabann nan Wheatfield, Konte Niagara, pou fanmi ak moun, tankou granmoun aje ak veteran ki te fè eksperyans sanzabri oswa maladi mantal. Apatman Granary ki fèk konstwi a, ki gen twa etaj, pral gen ladan l tou 20 lòt inite abòdab pou moun ki gen maladi mantal. Bilding lan pral totalman elektrik epi li fèt pou l pare pou enèji solè.
- **Opòtinite Sitwayen pou Devlopman ak Egalite, (Citizen's Opportunity for Development and Equality, CODE) Inc.** - 3.2 milyon dola pou devlope 12 inite lojman sipò pèmanan nan Jamestown pou moun ki gen maladi mantal oswa moun ki te fè eksperyans sanzabri pandan lontan. Pwojè a, Blooming Gardens, gen ladan nouvo konstriksyon ak reyabilitasyon enpòtan 18 bilding atravè 12 sit, ak yon total 48 inite ak 140 kabann. Yo pral itilize sistèm ki totalman elektrik la pou elimine itilizasyon konbistib fosil pou chofaj, refwadisman, ak bezwen lavi komen yo.

Komisè Biwo Eta Nouyòk pou Asistans Tanporè ak pou Moun Andikape, Barbara C. Guinn, te deklare, "Anba lidèchip Gouvènè Hochul, Eta Nouyòk te fè investisman istorik pou elaji rezèv opsyon lojman sipò pèmanan atravè eta a, rekonèt ke lojman ki estab se fondasyon pou yon lavi ki pi an sante ak kominote ki pi solid. Lè pwojè sa yo fini, yo pral kreye lojman pèmanan, tranzisyonèl, ak ijans ki nesèsè anpil nan tout Eta Nouyòk la, ki pral bay plizyè santèn Nouyòkè vilnerab ki te eksperimante sityasyon sanzabri lojman ki an sekirite ak sèvis espesifik yo bezwen pou yo ka gen estabilite, viv poukont yo, epi pwospere."

Komisè Biwo Renouvèlman Kay ak Kominote Eta Nouyòk (New York State Homes and Community Renewal), RuthAnne Visnauskas, te deklare "Investisman sa yo nan lojman pou moun ki sanzabri atravè Nouyòk se yon etap enpòtan nan direksyon pou bay kay ki an sekirite ak ki estab pou rezidan ki pi vilnerab nou yo. Lè nou kreye 645 inite lojman pèmanan pou sipò ak ijans, n ap adrese bezwen imedya moun ak fanmi ki sanzabri yo. Investisman 125 milyon dola sa a ede tou ofri sèvis sipò pèsonalize pou ede veteran, sivivan vyolans domestik, granmoun aje, ak moun ki gen

pwoblèm sante mantal oswa pwoblèm abi sibstans pwospere. Mèsi Gouvènè Hochul pou angajman sa a pou konstwi yon Nouyòk ki pi solid e ki pi enklizif."

Komisè Biwo Sante Mantal nan Eta Nouyòk (New York State Office of Mental Health), Doktè Ann Sullivan, te deklare, "Jwenn yon lojman ki estab enpòtan anpil pou moun k ap fè fas ak pwoblèm sante mantal oswa lòt pwoblèm pandan pwosesis rekiperasyon yo a. Gras a investisman kontinyèl Gouvènè Hochul nan inisyativ sante mantal ak lojman sipò, plis veteran, granmoun aje, sivivan vyolans domestik, ak moun k ap fè fas ak pwoblèm sante mantal ak/oswa pwoblèm abi sibstans ak fanmi yo kapab viv epi pwospere nan kominote pa yo. Plan lojman sa a pral bay yon fondasyon solid pou moun ak fanmi atravè Eta Nouyòk ka pwospere."

Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral Otorite Rechèch ak Devlopman Enèji Eta Nouyòk (New York State Energy Research and Development Authority) la, Doreen M. Harris, te deklare, "Prim sa yo nan tout eta a ap bay yon enjeksyon finansman enpòtan pou elaji lojman pou popilasyon ki pi vilnerab nou yo. Lè nou investi nan pwojè tankou sa yo, n ap ogmante opòtinite pou tout Nouyòkè yo viv nan kay ki an sante, konfòtab, epi ki ekonomize enèji, tout pandan n ap asire yo gen yon pi bon kalite lavi kòm yon pati nan kominote yo a."

Komisè Depatman Sèvis Veteran Eta Nouyòk (New York State Department of Veterans' Services) la, Viviana M. DeCohen, te deklare, "Angajman kontinyèl Gouvènè Hochul pou sèvi tout moun ki te sèvi yo ap transfòme lavi atravè Eta Nouyòk. Gras a lidèchip ak vizyon li, epi anba jesyon eksepsyonèl Komisè Guinn nan Pwogram Lojman ak Asistans pou Moun ki Sanzabri, investisman vital sa yo ap kreye plis pase jis lojman -- y ap retabli diyite, estabilite ak espwa pou tout moun ki te sèvi yo ak fanmi yo. Inisyativ Lojman Eagle Star la, an patikilye, se youn ki reflekte sa nou konnen ki vre: lè Nouyòkè yo mete tèt ansanm avèk konpasyon ak yon objektif, nou asire ke pèsonn ki te sèvi yo pa rete san yon kote ki an sekirite pou yo rele lakay yo."

Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral Otorite Dòtwa Eta Nouyòk (Dormitory Authority of the State of New York, DASNY) la, Robert J. Rodriguez, te deklare, "DASNY fyè pou l sipòte pwojè Granary Apartments nan Konte Niagara a, ki pral kreye 80 inite lojman ki an sekirite epi abòdab, ki gen ladan 60 inite lojman sipò pèmanan pou veteran, granmoun aje, ak moun ki te fè eksperyans sanzabri. Pwojè tankou sa a ranfòse kominote yo epi ede vwazen nou yo ki pi vilnerab yo rebati lavi yo avèk diyite ak estabilite. Nou remèsye Gouvènè Hochul pou lidèchip li nan adrese pwoblèm moun ki sanzabri nan tout Eta Nouyòk la."

Prezidan, Direktè Egzekitif Jeneral ak Komisè Empire State Development (ESD) lan, Hope Knight, te deklare, "Kreye kay ki an sekirite epi ki bay sipò pou granmoun aje ak jèn yo esansyèl pou bati kominote ki pi solid ak pi rezistan atravè Nouyòk. Pwojè THRIVE Cornhill la reprezante yon investisman enpòtan nan lavni Utica—li elaji aksè ak lojman abòdab, ki totalman elektrik, epi li entegre sèvis sou plas ki ankouraje estabilite, endepandans, ak byennèt alontèm. Pwojè tankou sa a demontre kijan resous

eta yo ka itilize pou satisfè bezwen kominote a tout pandan y ap fè pwogrè nan dirabilite ak ekite nan devlopman lojman."

Senatè eta a, Roxanne J. Persaud, te deklare, "Investisman kontinyèl Gouvènè Hochul nan lojman abòdab demontre yon angajman pou asire ke Nouyòkè vilnerab yo gen aksè ak lojman ki an sekirite e ki estab. Lè nou dirije plis pase 125 milyon dola pou prèske 1,000 kabann sipò ak ijans, n ap bay sivivan vyolans domestik, granmoun aje, ak moun ki fè fas ak sitiyasyon sanzabri resous yo bezwen pou rebati lavi yo epi pwospere nan Nouyòk. Mwen felisite Gouvènè Hochul ak OTDA paske yo te chwazi patnè ki pral fè pwojè vital sa yo avanse nan moman kritik sa a, e konsa ranfòse kominote nou yo."

Senatè Eta a Brian Kavanagh te deklare, "Alokasyon plis pase 125 milyon dola jodi a pou konstwi nouvo lojman sipò pèmanan atravè Nouyòk la se yon pati enpòtan nan efò nou yo pou nou konbat kriz ki kwaze tankou lojman ki pa abòdab, mank sèvis esansyèl, ak moun ki sanzabri. Lojman sipòtif, tranzisyonèl, ak ijans tout jwe yon wòl enpòtan nan kominote nou yo, yo bay yon anviwònman ki an sekirite ak ki estab pou moun ki nan bezwen, epi yo asire aksè a sèvis ak resous ki ede moun ak fanmi yo rebati lavi yo. Investisman sa yo reflekte angajman pataje nou anvè lojman abòdab ak dirab kòm fondasyon pou kominote ki pi solid. Mwen remèsye Gouvènè Kathy Hochul, Lidè Sena a Andrea Stewart-Cousins, Prezidan Chanm Reprezantan an Carl Heastie ak kòlèg nou yo nan lejislati a paske yo te travay pou mete fon nan bidjè Eta a, epi Komisè Barbara Guinn ak tout moun nan OTDA pou travay yo nan asire resous esansyèl sa yo rive nan tout kwen nan eta nou an. Mwen pa ka tann pou mwen kontinye travay nou pou ogmante opòtinite lojman pou tout Nouyòkè yo."

Senatè Eta a, Samra Brouk te deklare, "Manm kominote nou yo ki pi defavorize yo—ki gen ladan yo veteran, sivivan vyolans domestik, ak moun ki gen maladi mantal grav—bezwen sipò nou pou yo geri epi pwospere. Mwen felisite Gouvènè Hochul paske li investi nan prezèvasyon ak estabilite inite lojman sipò nan tout Eta Nouyòk pou ede moun ak fanmi ki te eksperimante sitiyasyon sanzabri yo viv an sekirite ak diyite."

Manm Asanble Linda B. Rosenthal te deklare, "Lojman sipòtif se yon liy sovtaaj pou Nouyòkè vilnerab yo, li ba yo yon kote ki an sekirite pou yo viv epi li konekte yo ak sèvis ki gen anpil valè. Investisman 125 milyon dola sa a nan lojman sipòtif pral byento pote soulajman pou plizyè santèn moun ki sanzabri ak moun ki an risk atravè eta a, tankou isit la nan Upper West Side atravè yon sibvansyon pou West Side Federation for Senior and Supportive Housing. Mwen felisite Gouvènè Hochul pou anons jodi a epi mwen pa ka tann pou nou kontinye travay nou pou nou bay tout Nouyòkè lojman ki an sekirite epi abòdab."

Ko-prezidan Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonal Mohawk Valle a (Mohawk Valley Regional Economic Development Council), Larry Gilroy ak Dr Marion Terenzio te deklare, "Nou fyè wè investisman sa a nan lojman sipò pèmanan rive nan Utica. THRIVE Cornhill pral bay kay ki an sekirite e ki estab pou 19 nan vwazen nou yo

ki pi vilnerab, tout pandan l ap kreye yon devlopman vibran pou plizyè itilizasyon ki benefisye tout katye Cornhill la epi ranfòse ekonomi rejyonal nou an."

Prezidan DePaul, Mark Fuller te deklare, "Sipò Gouvènè Hochul la, Pwogram Lojman ak Asistans pou Sanzabri Biwo Asistans Tanporè ak Andikape la, patnè kominotè yo ak patnè finansman yo, te entegral nan asire konstriksyon Granary Apartments nan Wheatfield ak Campus Apartments Pwogram Aksyon Kominotè Schenectady a. DePaul ap tann ak enpasyans opòtinite pou ede popilasyon vilnerab nan konte Niagara ak Schenectady yo, pou bay estabilite lojman ak sèvis sipò ki nesèsè pou moun yo ka viv avèk diyite ak espwa."

Direktè Egzekitif Jeneral Rescue Mission lan, Dan Sieburg, te deklare, "Nou rekonesan anvè Biwo Asistans Tanporè ak Andikape Eta Nouyòk la pou investisman transfòmè 15 milyon dola sa a pou adrese bezwen k ap grandi pou lojman ijans nan Konte Cayuga. Rescue Mission angaje pou mete lanmou an aksyon nan bayabri, estabilite ak sipò pou moun ki sanzabri yo. Nouvoabri ijans sa a ki gen 80 kabann ak uit inite lojman sipò pèmanan nan Auburn, devlope an patenarya avèk Housing Visions Unlimited, pral ogmante kapasite nou pou sèvi moun ki nan kriz epi ede yo bati chemen pou yo vin ggen yon endepandans dirab."

Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral Finger Lakes Area Counseling and Recovery Agency, Jennifer Carlson, te deklare, "Nou pwofondman rekonesan anvè Pwogram Lojman ak Asistans pou Sanzabri (HHAP) pou finansman yo te bay pou Pwojè Lojman Waterloo FLACRA a. Investisman enkwayab sa a pral bay kominote Konte Seneca a senk nouvo inite apatman pou fanmi ak moun—sa ap kreye lojman ki an sekirite, ki estab, epi abòdab ki sipòte rekiperasyon ak otosifizans. Pwojè sa a reprezante pouvw patenarya inovan yo, ki reyini FLACRA, Bank Fonsye Finger Lakes la, patnè devlopman nou yo MM Development Advisors, Hamilton Stern Construction ak IN/EX Architecture, moun ki gen enterè lokal yo, ak patnè kominotè yo. Ansanm ak HHAP, n ap bati lojman sipòtif, santre sou rekiperasyon, ki fè misyon nou pou sèvi kominote a atravè swen konplè epi bati espwa dirab atravè Finger Lakes. Nou fyè dèske nou fè pati efò kolaboratif sa a pou ranfòse kominote riral nou yo epi kreye nouvo opòtinite pou tout moun."

Direktè Egzekitif Concern Housing, Ralph Fasano te deklare, "Nou pwofondman rekonesan anvè Gouvènè Hochul, Komisè OTDA Barbara Guinn, ak anplwaye HHAP yo pou konfyans yo nan Concern Housing ak angajman kontinyèl yo pou adrese kriz lojman an. Prim HHAP pou Vilaj Joseph nan Brentwood la pral pèmèt nou restore epi transfòme bilding istorik Sè Sen Jozèf yo ki gen plis pase 100 an pou yo tounen 176 inite lojman abòdab ak svis sèipò. Kolaborasyon sa a onore eritaj Sè yo pandan l ap kreye yon kominote vibran pou moun ak fanmi ki bezwen yon kote ki an sekirite e diy pou yo rele lakay yo."

Direktè Egzekitif People First, Robert R. Calli, te deklare, "Pwojè redevlopman Thrive/Impact Cornhill la reprezante yon opòtinite inik pou amelyore kalite lavi nan yon katye entegral nan vil Utica. Avèk gwo prim finansye apwouve pa OTDA ak HHAC,

kapasite pou gen yon enpak sou lavi ak chanje mantalite nan kominote nou an vin tounen yon realite kounye a."

Direktè Egzekitif Jeneral New Destiny, Nicole Branca, te deklare, "Prim HHAP sa a pral pèmèt New Destiny ak patnè devlopman nou an, The Albanese Organization, devlope yon bilding ki ka sove lavi nan zòn Cypress Hills nan Brooklyn. Vyolans domestik se prensipal kòz ki fè fanmi yo pa gen kay pou rete nan vil nou an, men pwojè konstriksyon tankou sa a pral ede chanje realite sa a. Atlantic Avenue West pral gen ladan l 97 nouvo kay ki make espesyalman pou sivivan vyolans domestik ak pou pitit yo ki soti nanabri. =Nou remèsye Gouvènè Hochul, OTDA, ak tout patnè gouvènman nou yo nan Kòporasyon Lojman ak Asistans pou Sanzabri (Homeless Housing and Assistance Corporation, HHAC) ki pèmèt New Destiny kontinye bati lojman pèmanan ki nesèsè anpil pou sivivan yo."

Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral CAMBA/CAMBA Housing Ventures, Valerie Barton-Richardson, te deklare, "CAMBA Housing Ventures (CHV) onore anpil dèske li te resevwa finansman konpetitif HHAP nan men Biwo pou Asistans Tanporè ak Andikape Eta Nouyòk pou Kingsborough Seniors. Finansman esansyèl HHAP la pral sipòte estanda nou an pou devlope lojman kalite siperyè, dirab, ki bay sipò e abòdab, ansanm ak sèvis entegre CAMBA yo sou plas ki ede Nouyòkè vilnerab yo viv nan estabilite ak diyite. Kingsborough Seniors, yon sit ki resevwa prim nan men NYCHA, ap kontinye modèl devlopman nou an sou tè piblik ki pa itilize ase yo, epi li pral bay 244 inite an total pou granmoun aje ki te san lojman anvan ak moun ki gen ti revni, avèk espas pou etablisman kominotè pou ankouraje koneksyon, endepandans ak opòtinite. Devlopman ki gen enpak tankou Kingsborough Seniors vin pi solid grasa patnè ki reyisi tankou OTDA."

Direktè Egzekitif Jeneral WellLife Network, Sherry Tucker, te deklare, "WellLife Network fyè pou l asosye avèk OTDA Eta Nouyòk sou inisyativ lojman vital sa a nan Brooklyn. Avèk prim HHAP sa a, nou pral elaji lojman abòdab ak sèvis sipò ki anpeche moun vin sanzabri epi ki ede rezidan yo rete an sekirite, estab, epi konekte ak kominote yo a. Ansanm, n ap ranfòse kominote Brownsville la epi n ap asire plis Nouyòkè gen yon kote yo ka vin rele lakay yo."

Direktè Egzekitif West Side Federation for Senior and Supportive Housing, Paul R. Freitag, te deklare, "WSFSSH te kontan anpil pou l te resevwa yon prim HHAP pou dezyèm faz pwojè redevlopman WSFSSH nou an nan West 108th Street. Bilding lan pral gen ladan l karakteristik ki efikas an ki enèji enpòtan pou l ka jwenn sètifikasyon Kay Pasif epi WSFSSH pral bay yon seri sèvis sosyal konplè pou granmoun aje yo. Gras a prim HHAC la, 83 granmoun Nouyòkè ki gen revni trè ba — 40 ladan yo gen istwa sanzabri — pral gen yon kominote kote yo ka pwospere."

Direktè Egzekitif Jeneral Greater Opportunities for Broome and Chenango, Mark Silvanic, te deklare, "Nan non Greater Opportunities for Broome and Chenango, nou vrèman rekonesan anvè HHAP pou dènye prim sa a ki pral finanse renovasyon ak agrandisman de nan pwopriete nou yo nan Binghamton, Nouyòk. Sipò sa a enpòtan

anpil pou fè vizyon nou an tounen yon reyalite. San sipò finansè tankou HHAP, batay kont sitiyasyon sanzabri a t ap prèske enposib. Nou kontan wè enpak pozitif amelyorasyon sa yo pral genyen sou kominote nou an ak sou lavi moun n ap sèvi yo."

Zach Fuller, Direktè Egzekitif Eagle Star Housing, te deklare, "Nou onore pou nou resevwa prim sa a nan men Eta Nouyòk ak HHAP pou sipòte misyon nou pou sèvi veteran ki sanzabri yo. Gras a finansman sa a, Eagle Star Housing pral konstwi yon nouvo etablisman lojman tranzisyonèl nan Cheektowaga, ki pral gen 20 kabann epi ki pral elaji aksè ak lojman konpasyon ak kalite siperyè. Nou fyè dèske nou asosye avèk HHAP sou inisyativ vital sa a epi nou rekonesan anpil anvè tout moun nan HHAP ak OTDA pou angajman san fay yo pou ede moun ki te sèvi peyi nou an. Ansanm, n ap bati yon kominote ki pi solid e ki bay plis sipò pou veteran nou yo."

Direktè Egzekitif Citizen's Opportunity for Development and Equality, Christopher Jock, te deklare, "CODE Inc. vrèman apresye sipò yo bay atravè Pwogram Lojman ak Asistans pou Sanzabri a. Prim HHAP la se yon eleman esansyèl nan fè pwojè Blooming Gardens la tounen yon reyalite, pou pèmèt nou kreye lojman ki an sekirite, abòdab, epi ki bay sipò pou moun ak fanmi ki nan bezwen yo. Investisman sa a souliye angajman kontinyèl Eta Nouyòk pou adrese pwoblèm moun ki sanzabri epi ranfòse kominote yo atravè eta a."

###

Lèt nou vèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta Nouyòk | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: ny.gov/signup | Veye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)